

Lili ak Tilou tande yon bwi ki fè :
tòk tòk tòk tòk.



Tilou di : « M ta renmen vole tou. »
Lili di : « Men nou pa gen zèl. Nou pa ka vole. »

Lili di : « Gen lè gen yon moun k ap frape nan pòt la. » Tilou di : « An n al gade ! »



Tilou di : « Ala yon bèl sèpantye. Li gen koulè wouj, nwa, blan. Epi l ap vole vit sou tout branch yo. »





Tilou di : « Ey sèpantye, ban m yon ti woulib pou m al vole an lè. »
Sèpantye a di : « Kè kè kè, kè kè w ! »

# Sèpantye



Lakou Kajou

©2022 dwa d otè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lili di :
« Oo, m pa vle zwazo a frape Zando, non. »





Yo gade pye kajou a. Yon zwazo t ap frape bèk li nan pye kajou a.

